

A. Teks Narasi

- Pengertian

Teks narasi yaiku teks wacan kang isine ngandharake utawa nyritakake kedadean kanthi runtut saka wiwitan nganti pungkasan, utawa kronologis. Wong kang maca teks narasi kaya-kaya ngalami dhewe kedadean kang diandharake.

- Struktur teks narasi yaiku:

- 1) alur yaiku urutan kedadean
- 2) paraga lan watake/ penokohan yaiku kang ngalami kedadean
- 3) latar yaiku wektu, papan, lan swasanane kedadean

- Contoh

Festival Dolanan Tradhisional

Jam enem esuk Bima lan Rini wis sarapan. Dina iki bocah loro budhal luwih esuk. Bima lan Rini arep melu *Festival Dolanan Tradhisional* ing alun-alun kabupaten. Bima lomba egrang, Rini melu dhakon lan gobag sodor.

"Jam pira mengko budhale?" pandangune Ibu.

"Jam setengah pitu, Buk. Mangke rombongan saking sekolahan," wangsulane Rini.

"Bima wis trampil ta, egrangan?" Pak Wibawa, bapak urun pandangu.

"Woo.. inggih sampun ta, Pak! Yen latihan kula mesthi menang lo, Pak!"

"He..he.. ya syukur. Ning ora pareng ngremehake liyan lo ya! Sapa bae mungsuhe, sing penting main sing apik, sing *sportif*. Menang, kalah iku ketemu buri. Sing penting tambah pengalaman, tambah kanca, le!"

"Inggih, Pak. Donga pangestunipun, mugi-mugi kula juwara!"

"Dolanan tradhisional saiki dilestarekake lo, Pak" sumambunge ibune Bima.

"Iya, sebab pancen akeh gunane. Bocah dadi guyub rukun, dolanan bebarengan tanpa rasa serik lan tukaran, sebab ana tata aturane,"

"Kula nggih tambah sehat, Pak. Nedha kula dados kathah, sebab dolanan egrang niku saged kringeten," kandhane Bima.

Kabeh melu ngguyu, karo nyawang Bima sing lemu iku.

Bocah loro katon seneng banget. Dina iki alun-alun bakal rame. Bima lan Rini bakal weruh lan melu dolanan yoyo, gangsingan, gobag sodor, engklek, dhakon, betengan, egrang, lan liya-liyane.

Tuladha:

No	Struktur teks	Katrangan
1	Alur	1. Jam enem Bima lan Rini wis sarapan, arep budhal lomba dolanan tradhisional. 2. Bima lan Rini pamitan bapak lan ibune. 3. Bima lan Rini diweling ibune.
2	Watake paraga	1. Bima = bocah lanang, lemu, bekti marang wong tuwa, trengginas 2. Rini = bocah wadon, bekti marang wong tuwa 3. Bapak = ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane. 4. Ibu = ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane.
3	Latar	Panggon = ing omahe Bima lan Rini Wektu = esuk arep budhal lomba dolanan tradhisional Swasana = bungah lan kebak pangarep-arep

B. Teks dheskripsi

Pengertian yaiku tulisan sing gagasan pokok diandharake kanthi cara nggambarake objek, panggon, utawa kedadean kanthi njlimet/ rinci, nganti sing maca rumangsa kaya nyawang utawa ngalami dhewe objek sing digambarake panulis.

Sruktur teks dheskripsi

- Identifikasi : obyek, panggon, utawa barang kang diandharake kanthi umum
- Klasifikasi : ngandharake bagean-bageane obyek
- Dheskripsi bagean : ngandharake bagean-bagean kanthi rinci

Contoh

Alun-Alun Wayah Sore

Alun-alun ing kuthaku diapit karo bangunan penting. Ing sisih wetan ana pendhapa kabupaten kang endah asri. Ing sisih kulon ana masjid jami' lan penjara. Yen madhep mangidul katon tharik-tharik toko pecinan. Dene ing sisih elore ana kantor Pulisi lan gedhung sekolah SMP Negeri 1. Jenenge wae alun-alun, dadi ya bunder seser. Sapanggih alun-alun biyen ana pager wesi, saiki diganti kekembangan maneka warna. Sukete ijo subur. Sapa bae ora kena midak suket sebab marakake rusak. Ing satengah ana banyu mancur kang bisa njoged. Ing wayah bengi lampune warna-warni tur bisa njoged. Tandurane ing taman ditata manut endhek-dhuwure. Akeh kursi wesi ukir lan ana uga lungguhan kang saka semen. Wit-witan kang gedhe ngrembuyung awèh pengayoman. Ana ringin cacah papat kang njagani alun-alun iki. Ana uga pagupon, omahe dara kang padha mencok lan miber golek pangan. Sapa bae ora kena mburu lan nyekel dara-dara mau. Anane alun-alun kutha iki, bisa njalari sapa wae krasan. Pikiran dadi tentrem. Anane mung rasa ayem lan tresna marang lingkungan.

Wacan teks dheskripsi ing dhuwur struktur teks-e kaya ing ngisor iki.

No.	Struktur	Andharan
1.	Idhidentifikasi	Alun-alun ing kuthaku
2.	Klasifikasi	1. Bangunane 2. Tandurane 3. Kahanane 4. Kewane
3.	Dheskripsi bagean	1. Bangunane: sisih wetan pendhapa, sisih kulon ana masjid jami' lan penjara, sisih kidul toko pecinan, sisih lor kantor Pulisi lan gedhung sekolah SMP Negeri 1. 2. Tandurane: suket ijo, kekembangan, taman, lan wit-witan kang gedhe, yaiku ringin 3. Kewane: dara 4. Kahanane: wayah bengi lampune warna-warni tur bisa njoged, njalari krasan, pikiran dadi tentrem, ayem lan tresna marang lingkungan

Nama :

Kelas/No :

Latihan

Wenehana tandha centhang (✓), sing cocog karo pranyatan !

No	Pranyatan	Narasi	Dheskripsi
1	Karangan kang ngandharake kedadean kanthi urutan wektu utawa kronologine.		
2	Karangan kang ngandharake sawijine objek.		
3	Ngandharake kanthi njlimet/rinci		
4	Runtut alure.		
5	Karangane isi andharan nganti sing maca kaya ngalami dhewe.		
6	Karangane isi andharan nganti sing maca kaya nyawang/Weruh dhewe.		
7	Karangan kang duweni paraga.		
8	Karangan kang critakake kegiatan saben dina kanthi runtun.		
9	Karangan kang nggambarake kahanane pangganggonan.		
10	Dina Minggu wingi Upin dolan menyang Taman Safari Pasuruan, dheweke deleng aneka werna satwa kewan salah sijine yaiku gajah kang lagi mangan. Sawise ndeleng gajah, Upin neruskake lakune deleng Jerapah kang ndhuweni gulu dhawa. Upin ngaso sedela ing taman karo mangan bekale. Amarga wis sore Upin banjur siap - siap mulih.		